**QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING FARMOYISHI**

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ BIYLIGI**

2023 - yil 3 - aprel 58-13-0-F/23 Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

**Қарақалпақстан Республикасы аймағында жылытыў мәўсиминиң тамамланыўын белгилеў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 15-июльдағы 194-санлы қарары менен тастыйықланған «Көп қабатлы турақ-жайларда ыссылық тәмийнаты хызметлерин көрсетиў қағыйдалары»ның 13-бәнтине тийкарланып, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлигиниң 2023-жыл 25-марттағы 01/174-санлы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Гидрометеорология басқармасының 2023-жыл 14-марттағы 58-санлы хатларын инабатқа алып, ҳаўа райының жылыўына байланыслы, ыссылық энергиясын ислеп шығарыў барысында энергоресурслардың жумсалыўын ҳәм де тутыныўшыларға жеткерилип берилетуғын тәбийғый газды үнемлеў, соның менен бирге оннан пайдаланыўды тәртиплестириў мақсетинде:

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағында барлық түрдеги тутыныўшылар ушын 2023-жыл 1-апрельден баслап жылытыў мәўсиминиң тамамланыўы белгиленсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Үй-жай коммуналлық хызмет көрсетиў министрлиги (А.Досназаров), «Ҳудудгаз Қарақалпақстан» газ тәмийнаты филиалы (Х.Айманов), «Қарақалпақ аймақлық электр тармақлары кәрханасы» АЖ (А.Нурымбетов), «Қарақалпақ суў тәмийнаты» ЖШЖ (Р.Сеитов), Халық билимлендириў министрлиги (А.Нарымбетов), Мектепке шекемги билимлендириў министрлиги (Г.Бахиева), Ден саўлықты сақлаў министрлиги (М.Қурбанов), Жоқары билимлендириў, пән ҳәм инновациялар министрлигиниң Қарақалпақстан аймақлық басқармасы (Н.Қаюпов), Мәдений ят министрлиги (Қ.Турдыев), Туризм ҳәм спорт бас басқармасы (А.Алланазаров), министрликлер, ведомстволар, кәрханалар, қала ҳәм районлар ҳәкимликлери алдымыздағы 2023-2024-жыллардағы жылытыў мәўсимине объектлерди таярлаў жумысларының өз ўақтында сапалы түрде әмелге асырылыўын белгиленген тәртипте тәмийинлесин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2022-жыл 5-октябрьдеги 234-13-0-F/22-санлы бийлиги өз күшин жоғалтқан деп есаплансын.

4. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Е.Аташовқа жүкленсин.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi**
**Ministrler Ken'esi baslıg'ı** **Ф.Эрманов**